

Enfòmasyon sou Egzansyon nan HCBS MassHealth

Egzanpsyon pou moun ki vin gen Domaj nan Sèvo (ABI) ak Egzanpsyon pou Plan Vanse pou pi Devan an (MFP)

Egzanpsyon pou Sèvis ki Baze nan Kay ak nan Kominote (Home and Community Based Services, HCBS) se pwogram MassHealth ki bay moun ki kalifye sèvis nan pwòp kay yo oswa nan kominote a. Massachusetts gen kat egzansyon ki bay sèvis sèlman pou adilt ki soti nan yon mezon retrèt oswa ki pase anpil jou nan lopital epi ki retounen nan kominote yo. Gen yon kantite maksimòm patisipan ki kapab resevwa sèvis la chak ane.

Pwogram Egzanpsyon HCBS	Popilasyon ki Resevwa Sèvis la
1. Egzanpsyon ABI-RH <i>Egzansyon avèk Reyabilitasyon Rezidansyèl pou Moun ki vin Gen Domaj nan Sèvo</i> li anba kontwòl Depatman Sèvis Devlopmanal (DDS)	Adilt ki Vin Gen Domaj nan Sèvo (Acquired Brain Injury, ABI) epi ki bezwen sipèvizyon 24 sou 24 nan yon sant ke yon founisè jere epi ki gen anplwaye
2. Egzanpsyon ABI-N <i>Egzansyon San Reyabilitasyon Rezidansyèl pou Moun ki vin Gen Domaj nan Sèvo</i> li anba kontwòl Komisyon reyabilitasyon nan Massachusetts (MRC)	Adilt ki gen ABI epi ki pa bezwen sipò/sipèvizyon 24 sou 24, men ki bezwen sèvis egzansyon ki baze nan kominote a e ke yo bay lakay yo
3. Egzanpsyon nan MFP-RS <i>Egzansyon pou Sipò Rezidansyèl ak Plan Vanse pou pi Devan an</i> li anba kontwòl DDS	Adilt ki bezwen sipèvizyon 24 sou 24 nan yon sant ke yon founisè jere epi ki gen anplwaye
4. Egzanpsyon nan MFP-CL <i>Egzansyon pou Lavi Kominotè ak Plan Vanse pou pi Devan an</i> li anba kontwòl MRC	Adilt ki pa bezwen sipò ak sipèvizyon 24 sou 24, men ki bezwen sèvis egzansyon ki baze nan kominote a e ke yo bay lakay yo



Pou kalifye pou egzansyon an, yon moun dwe aplike pandan li toujou nan yon sant medikal epi li:

	Egzansyon akòz ABI	Egzansyon nan MFP
Gen yon ABI*li te sibi lè li te alaj 22 lane oswa plis	✓	
Se yon adilt ki gen andikap oswa ki alaj 65 lane oswa plis	✓	✓
Ap viv nan yon sant medikal pou rete alontèm** pandan omwen 90 jou	✓	✓
Satisfè kondisyon nivo swen klinik	✓	✓
Bezwen sèvis egzansyon nan kominote a (gade lòt bò paj la)	✓	✓
Satisfè kondisyon finansye yo pou kalifye pou MassHealth Standard***	✓	✓
Kapab resevwa sèvis la san pwoblèm nan kominote a	✓	✓

* Kèk egzansyon ABI ki kalifye se domaj nan sèvo akòz estwok, twomatis serebral, enfeksyon sèvo, timè nan sèvo, oswa anoksi. Maladi tip-foli pa kalifye.

** Sant medikal pou rete alontèm vle di yon mezon retrèt oswa yon lopital pou maladi kwonik/reyabilitasyon. Pou egzansyon MFP yo, lopital sikyatrik yo kalifye tou.

*** Kondisyon finansye pou moun ki aplike pou egzansyon nan HCBS:

- Revni ≤ 300% Tarif Avantaj Federal SSI (\$2,742 pa mwa nan ane 2023)
- Byen ki kapab konte ≤ \$2,000
- Byen ki kapab konte pou madanm/mari moun ki aplike a (si li aplikab) ≤ \$148,620 (nan ane 2023)

Sèvis Egzanpsyon

Ale sou sitwèb ki anba la a pou jwenn detay yo

	Egzanpsyon Rezidansyèl		Egzanpsyon ki pa Rezidansyèl	
	ABI-RH	MFP-RS	ABI-N	MFP-CL
Sèvis pou Viv avèk Asistans	✓	✓		
Reyabilitasyon Rezidansyèl	✓	✓		
Moun kap viv an komen- Sipò 24 sou 24	✓	✓		
Konpay pou Adilt			✓	✓
Sèvis Travay nan Kay			✓	✓
Sipò Lajounen ki Baze nan Kominote	✓	✓	✓	✓
Sipò ak Gid nan Kominote a		✓		✓
Sèvis Lajounen	✓	✓	✓	✓
Antrènman pou Fanmi		✓		✓
Adaptasyon pou Rann Kay la Aksesib		✓	✓	✓
Èd Swen Sante nan Kay				✓
Menajè			✓	✓
Sipò pou Lavi Otonòm				✓
Sipò Endividyèl ak Reyabilitasyon nan Kominote		✓	✓	✓
Sèvis pou Oryantasyon ak Mobilite		✓		✓
Sipò Moun ki gen menm Eksperyans		✓		✓
Swen Pèsonèl			✓	✓
Terapi Fizik/Ègoterapi/Òtofonni	✓	✓	✓	✓
Sèvis Pre-Pwofesyonèl		✓		✓
Larelèv			✓	✓
Sipò nan Kay Komen				✓
Swen Enfimye Kalifye		✓		✓
Ekipman Medikal Espesyalize	✓	✓	✓	✓
Travay avèk Sipò	✓	✓	✓	✓
Èd pou Swen nan Kay				✓
Èd pou Tranzisyon	✓	✓	✓	✓
Sèvis Transpò	✓	✓	✓	✓
Modifikasyon Veyikil				✓



Enfòmasyon ak fòm aplikasyon yon paj ki kapab enprime disponib sou entènèt

<https://www.mass.gov/acquired-brain-injury-abi-and-moving-forward-plan-mfp-waivers>



Telefòn: (855) 499-5109

TTY: (800) 596-1746 pou moun ki soud, ki tande di, oubyen ki gen andikap nan langaj